



Nama : .....  
No. Induk : .....

**PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL  
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA  
SDN KRAMBILSAWIT SAPTOSARI**

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL  
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

Mata Pelajaran: Bahasa Jawa

Hari, Tanggal : Kamis , 07 Oktober 2021

Kelas : III (Tiga)

Waktu : 07.30 – 09.00

**Wacanen kanthi patitis!**

**Numpak Bis Trans Jogja**

Dina Minggu esuk iki, Utami diajak Bulik Ndari njajal rute anyar bis Trans Jogja Wingi Utami crita yen durung tau numpak bis Trans Jogja mula esuk iki diajak numpak dening bulike. Ngendikane bulik, anggone mbayar bis rasah nganggo dhuwit. Cukup nggesek kertu dhuwit elektronik, supaya sing numpak lan petugase ora repot golek dhuwit kanggo mbayar utawa nyusuki.

Saben sepuluh menit pisan, bise liwat. Nalika bise tekan halte, lawange bis mbuka otomatis, Utami banjur mlaku mlebu sinambi ndelok njerone. Ana kursi lan gocekan ing sakndhuwure. Bise resik, kacane bening, ana CCTV-ne, ana GPS-e, tur adhem wong ana AC-ne. Ngendikane Bulik Ndari, bise saiki saya canggih amarga ditambah alarm pendeteksi kecepatan tinggi lan kothak blackbox sing ngrekam lakune bis. Ora ana kenek utawa petugas liyane kajaba pak sopir ing sajrone bis. Utami lan bulike lungguh kursi sing isih sela.

Nalika bise mlaku, Bulik Ndari wanti-wanti yen numpak kendharaan umum kuwi kudu gelem njaga supaya tetep resik. Ora kena mbuwang wadhah plastik tepak wadhah panganan sembarangan apa maneh ngorek-orek bise. Utami seneng banget bis Trans Jogja amarga saliyane ngirit, aman, ora macet lan cepet tekan papan tujuwane.

**I. Wangsulanan pitakon iki!**

1. Sapa sing numpak bis Trans Jogja?

Wangsulan: \_\_\_\_\_

2. Alat apa wae sing ana ing sajrone bis Trans Jogja?

Wangsulan: \_\_\_\_\_

3. Ing ngendi anggone nunggu bise?

Wangsulan: \_\_\_\_\_

4. Geneya cukup nggesek kertu kanggo mbayar bise?

Wangsulan: \_\_\_\_\_

5. Kepriye welinge Bulik Ndari marang Utami?

Wangsulan : \_\_\_\_\_

**II. Piliheng wangulan sing bener kanthi ngeping (x) huruf a, b, utawa c!**

1. Yen pas jadwale latihan Pramuka, aku kudu ....

- a. dolan
- b. mangkat
- c. ndelik

2. Sawise umbar, bocah-bocah mlebu kelas kanthi tertib. Umbar tegese ....

- a. mlebu
- b. ngaso
- c. prei

3. Ibuku seneng ngrumat tanduran.

Ngrumat tegese ....

- a. ngingu
- b. ngopeni
- c. ngrabuk

4. Pakdhe tindak menyang Magelang. Tembung aran ing ukara kasebut yaiku ....

- a. Pakdhe, tindak
- b. Pakdhe, menyang
- c. Pakdhe, Magelang

5. Isine tembang Pocung bisa kanggo cangkriman.

Cangkriman tegese....

- a. pitakonan
- b. geguritan
- c. bedhekan

6. Gatekna paugeran tembang ing ngisor iki!

- (1) Guru gatrane ana 4
- (2) Guru gatrane ana 5
- (3) Guru gatrane ana 6

Paugerane tembang Pocung yaiku ....

- a. (1)
- b. (2)
- c. (3)

### **Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo njawab no 7-10 !**

Bapak pocung amung sirah lawan gembung,  
padha dikunjara,  
mati sajroning ngaurip,  
mijil baka si pocung dadi dahana.

7. Tembang ing dhuwur yaiku tembang ....

- a. Gambuh
- b. Pocung
- c. Kinanthi

8. Tembang ing dhuwur kedadean saka ... larik.

- a. 4
- b. 5
- c. 6

9. Cacahe guru wilangane larik pisanan tekan pungkasan yaiku ....

- a. 12, 6, 8, 12
- b. 12, 8, 6, 12
- c. 12, 12, 6, 8

10. Guru lagune larik pisanan tekan pungkasan yaiku ....

- a. u, i, a, a
- b. u, a, i, a
- c. u, a, a, i

### **III. Kramakna!**

1. Bocah-bocah dikon kerja bakti sesuk Setu.

Wangsulan : \_\_\_\_\_

2. Rombongan kelas telu bali piknik saiki.

Wangsulan: \_\_\_\_\_

3. Sadurunge mangkat sekolah kudu pamit dhisik.

Wangsulan: \_\_\_\_\_

4. Ganjar karo adine lagi makani iwak lele.


Wangsulan: \_\_\_\_\_

5. Bocah-bocah padha nembang sinambi cangkriman.

Wangsulan: \_\_\_\_\_

#### **IV. Golekana bedhekane cangkriman ngisor iki!**

1. Pakboletus, bedhekane ....
2. Pakbomba, bedhekane ....
3. Gerbong tulis, bedhekane ....
4. Segara beldhes, bedhekane ....
5. Gowang pelot, bedhekane ....

6.  Sego sakepel.....

7.  Pitik walik ....

8.  Dikethok malah ....

9.  Yen mlebu malah .....

10.  Ora mudhun-mudhun yen.....

#### **V. Ceritakno manut isine gambar**

1. 

---

---

---

---

---

---

2.



---

---

---

---

---

---

---

## **Kunci jawaban penilaian tengah semester ganjil**

I.

1. Sing numpak bis trans Jogja yaiku Utami lan Bulik Ndari
2. Ana CCTVne, ana GPSe, ana Acne, alarm pen deteksi kecepatan tinggi lan kothak blackbox sing ngrekamlakune bis.
3. Ing halte.
4. Cukup nggesek kertu duit elektronik, supaya sing numpak lan petugase ora repot golek dhuwit nggo mbayar utawa nyusuki.
5. Yen numpak kendharaan umum kuwi kudu gelem njaga supaya tetep resik.

## **II. Pilihan ganda**

1. B
2. B
3. B
4. B
5. C
6. A
7. B
8. A
9. A
10. B

## **III. Kramakno**

1. Lare-lare dipundhawuhi kerja bakti benjang Setu.
2. Rombongan kelas tiga wangsul piknik samenika
3. Saderengipun mlampah sekolah kedah pamit ru miyin.
4. Ganjar kaliyan adhinipun nembe makani ulam lele.
5. Lare-lare sami nyekar sinambi cangkriman.

IV.

1. Tepak kebo lele satus
2. Tepak kebo amba
3. Pager kobong Watune mendhelis
4. Segane pera sambele pedhes

5. Jagone ana lawang cempene mencolot
6. Sego sakepel dirubung tinggi
7. Pitik walik saba kebon
8. Diketok malah dhuwur
9. Yen mlebu malah metu
10. ora mudhun-mudhun yen ora gowo mrica sakantong

**V.**

1. Kawicaksanane guru
2. Kawicksanane guru

$$\text{Skor Penilaian} = \frac{\text{Jumlah skor perolehaan}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$